

Sijè Diskisyon sou Vaksen KOVID-19 Andedan Benchmarck

Bèl Okasyon

- Rezidan ak asosye nan kominote ki bay asistans ak swen spesyalize fè pati yon gwoup ki gen priyorite nan resevwa vaksen KOVID-19 y ap tann ak enpasyans lan. Benchmark kontan anpil pou aprann CDC te rekòmande gwoup sa yo rantrè nan premye seri vaksinasyon an, epitou anpil nan rezidan ak asosye nou yo ap anmezi pou yo resevwa l nan yon tan ki pa twò lwen. Kominote Benchmark ap resevwa vaksen Pfizer a lè sa.
- Lè yo pran vaksen an, se pi bèl okasyon asosye nou yo genyen pou yo pwoteje sante yo, fanmi yo, rezidan nou yo ak kòlèg yo.
- Se kounye a pou n fè !! Si ou pa sèten w ap resevwa vaksen an, tanpri pale ak Enfimyè Zòn ou pou dènye enfòmasyon nan moman. Gen dwa pa gen okasyon pou resevwa vaksen an pandan anpil mwa ankò si ou rate seri sa.
- Vaksen an gratis epi asirans oswa lajan federal ap kouvri frè pou bay li an. Si ou pa gen asirans, se pa yon pwoblèm. Ou pap peye ankenn frè.

Angajman Benchmarck

- Dirijan Benchmark ap travay serye ak doktè konsiltan nou yo, ansanm ak Komite Konsiltasyon sou Kowonaviris Benchmark la, pou ka rete okouran de dènye enfòmasyon sou vaksinasyon yo. N ap bawou tanzantan dènye enfòmasyon yo, konsa w ap gen enfòmasyon ou bezwen yo pou pran yon desizyon eklere epi patisipe nan klinik ou yo ansanm ak rezidan ou yo anndan kominote w.
- Ap gen twa klinik nan kominote a nan dat CVS Health fikse yo. W ap resevwa kit pou preparasyon onivo kominote a.
- Klinik vaksinasyon KOVID-19 Benchmark yo ap fèt nan tèt kole ak Health CVS, youn nan Founisè Pwogram Vaksinasyon KOVID 19 goudenman federal la te seleksyone yo. Nou kontan travay ak CVS apre nou te travay pa gen lontan ak konpayi a sou yon seri klinik grip nan tout kominote nou yo.

Wòl Esansyèl Asosye yo, ljans

- Chak asosye ap gen yon wòl enpòtan nan ede prepare chak kominote nou yo pou klinik vaksinasyon yo. CVS ap bay chak kominote yon dat ak yon espas tan, konsa ekip nou yo ap bezwen travay avèk efikasite pou yo pare.
- Yon fwa dat yo anonse, tanpri wè avèk ekip direksyon nou an pou jwenn fòm konsantman pou vaksinasyon nenesè yo.
- Vaksen an gratis pou tout rezidan ak asosye. Goudenman federal la kouvri kou vaksen an. CVS ap voye bil bay Medicare, konpayi asirans ou oswa yon fon sekou federal pou kouvri depans bay vaksen an, men ou pap gen pou peye ankenn kopeman. Pou li kapab bil konpayi asirans piblik oswa prive, CVS ap bezwen siyen yon fòm konsantman epi remèt yon kopi devan ak do kat asirans ou, si w genyen asirans.

- Vaksen an mande de dòz. Premye dòz la ap disponib pandan premye klinik lan nan kominote a, epi ap gen apre yon dezyèm klinik kap pwograme sou 21 jouapeprè. Lè sa w ap resevwa dezyèm dòz la. Toulede dòz yo fèt pou soti nan menm manifakti a, kidonk asire w ou fè dezyèm vizit la nan menm kote ak premye a.

Vijilans San Rete

- Pevansyon enfeksyon ap rete yon priyorite nimewo en menm apre klinik yo fin reyalize. Klasman risk, bon PPE, ak tès ap reste jan yo ye a jiskaske regilatè nou yo deside yon lòt jan.
- Ka KOVID-19 kontinye ap ogmante nan anpil vil toutotou kominote nou yo, konsa n ap mande rezidan nou yo, fanmi ak asosye nou yo pou yo fè sa yo konnen pou diminye risk kontak yo.

Kesyon Yo Poze Souvan (Baze sou sous CDC ak lòt sous federal ak eta, nan dat 16/12/20)

Eske vaksen KOVID-19 la obligatwa pou tout asosye?

- Non. Vaksen an pa yon egzijans pou yo bawou travay pou kounye a. Li enpòtan pou konprann Benchmark, eta a ak gouveman federal la te bay pèsònèl enpòtan premye liy kap bay asistans ak swen enfimyè opòtinite sa. Si ou pa pran vaksen an, nou pa kapab garanti kilè w ap genyen yon chans pou vaksinen ankò. Se yon opòtinite pou w ou pwoteje tèt ou ansanm ak fanmi w.

Eske vaksen an gratis oswa eske mwen bezwen asirans?

- Vaksen an gratis pou tout rezidan ak asosye. Gouveman federal la kouvri kou vaksen an. CVS ap voye bil bay Medicare, konpayi asirans ou oswa yon fon sekou federal pou kouvri depans bay vaksen an, men ou pap gen pou peye ankenn kopeman. Pou li kapab bil konpayi asirans piblik oswa prive, CVS ap bezwen siyen yon fòm konsantman epi remèt yon kopi devan ak do kat asirans ou, si w genyen asirans.

Ki fabrikan vaksen y ap bannou?

- Y ap bannou vaksen Pfizer. Bon nouvèl la dapre sa yo rapòte se vaksen Pfizer a ki gen pi gwo to efikasite kont KOVID-19 nan 95% apre dezyèm dòz la.

Eske vaksen an ap fè m malad?

Vaksen an sibi tès ak esè klinik pou garanti li reponn ak pi nòm sekirite pi wo yo. Ka genyen efè segondè vaksen twò grav, nòmalman pa pi grav pase sa w ta ka genyen apre vaksen grip la. Ou ka genyen yon sansiblite nan kote yo bawou vaksen an nan bra w, epi petèt sentòm tankou grip apre dezyèm dòz la nan tan nòmal. Efè segondè sa yo nòmal e yo ka dire jiska 48 èdtan:

- Doulè nan kote yo ba w enjeksyon an
- lafyèv

- fatig
- Tèt fè mal
- doulè nan misk
- frison
- doulè nan atikilasyon
- Enflamasyon kote yo ba w enjeksyon an
- Mak wouj kote ou pran enjeksyon an
- noze
- pa santi w byen
- nodil lenfatik anfle (lenfadenopati)

Jan ou konnen, Benchmark ap travay pou sante ak sekirite rezidan ak asosye nou yo Espè medikal ak gouvènman eta ak federal, ansanm ak pwòp espè klinik Benchmark yo, rete kwè vaksen an se yon okazyon san danje pou moun 16 lane ak plis, lè yo konsidere danje ki asosye ak KOVID-19.

Eske pa gen plis efè segondè grav pou sèten moun?

Menm jan ak tout desizyon medikal, ou dwe konsilte doktè ou si w gen kesyon. Vaksen an ka lakòz yon reaksyon alèji grav. Yon reaksyon alèji grav anjeneral fèt nan kèk minit rive innèdtan apre ou pran yon dòz vaksen an.

Men siy yon reaksyon alèji grav:

- Difikilte pou respire
- Figi ak gòj anfle
- Kè w ap bat vit
- Bouton leve sou tout kò w
- Tèt vire ak feblès

Y ap swiv ou apre ou resevwa vaksen an epi yon famasyon ap toupre ansanm ak medikaman ijans w ap bezwen yo. Si w gen yon telefòn pòtab, w ap resevwa enfòmasyon ki soti nan yon platfòm yo rele V-Safe. W ap resevwa plis enfòmasyon ak kisa pou w fè sou sa nan klinik ou.

Kijan yo bay vaksen an?

Yo bay vaksen tankou yon enjeksyon nan misk la nan de dòz. sou twa semèn a peprè. Dezyèm dòz la nesèsè pou konplete seri vaksasyon an.

Poukisa gen efè segondè Eske sa vle di genyen yon pwoblèm?

Efè segondè pa twò grav se yon bagay nòmal epi yon bon siy, paske li montre vaksen an te akvite yon repons iminite apè ki w ap devlope iminite.

Kijan vaksen an fonksyone?

Vaksen KOVID-19 yo ap ede pwoteje ou grasa yon repons antikò l ap kreye san risk pou maladi grav. Vaksen KOVID-19 se yon fason san danje pou devlope pwoteksyon. Risk pou fè maladi grav ak pou lanmò akòz KOVID-19 pi plis pase tout avantaj iminite natirèl

E efè segondè ki dire lontan yo?

Yo pa konnen pou kounye a. Nan moman, esè ki te pi long lan te dire kat mwa.

Sanble konpayi medikaman yo vreman akselere bagay sa. Kjan pou m konnen mwen gen sekirite?

Poutèt ijans ak bezwen, gouvènman te akselere vaksen an, pandan li te kenbe menm kezi sekirite yo, yo te bannou garanti. Chèchè yo itilize rezo ki egziste deja pou reyalize esè vaksen KOVID-19 yo. Fabrikasyon te kòmanse pandanke esè klinik te toujou ap fèt pou nou ta ka pi byen prepare yon fwa yo te konfime sekirite vaksen an. Nan tan nòml, fabrikasyon pa kòmanse anvan esè yo fini

Eske mwen ka trape KOVID-19 nan piki a?

Non. Vaksen an pa gen ladann viris vivan ki bay COVID-19.

Poukisa mwen bezwen pran de piki? Se yon sèl mwen pran pou grip.

Premye dòz la bay gwo poteksyon, men dezyèm dòz la nesèsè pou asire vaksen an bay rezilta pou tout moun.

Kidonk, ant premye ak dezyèm dòz la mwen ka fè KOVID-19?

Wi, sa pran kèk semèn pou kò w devlope iminite apre vaksen yo. Yon moun ka enfekte ak viris ki bay KOVID 19 la jis anvan oswa apre vaksen an epi tonbe malad. Se paske vaksen an pa te gen tan bay pwoteksyon. Li enpòtan tou pou sonje kominote nou yo ap kontinye pran tout prekosyon nesèsè yo apre vaksen an bay, tankou mete PPE epi fè tès regilye. Sa enpòtan anpil nan anpeche viris la gaye.

Kilè kominote mwen an ap resevwa klinik vaksen an?

CVS ap kontakte kominote ki bay asistans ak teknik pou viv yo pou pwograme klinik vaksinasyon yo ak chak kominote. Jouk jounen jodi, sèl de ou twa kominote resevwa yon dat nan men CVS pou klinik yo. Nou espere pi fò nan kominote nou yo ap jwenn dat bonè epi lòt klinik ta ka kòmanse byen bonè nan semèn kap vini yo.

Eske m ap gen pou teste tanzantan si mwen pran vaksen an?

Wi. N ap kontinye swiv mezi prevansyon enfeksyon nou yo, tankou itilizasyon PPE, swiv regleman eta a epi fè tès.

Eske mwen ka malad ak KOVID-19 apre premye vaksen an?

Wi. Ou ka toujou vin pozitif ak KOVID-19 ant de dòz yo si ou pran viris lan nan men yon lòt moun. Yon fwa ou pran de dòz vaksen yo etid montre li 95% efikas.

Eske mwen ka pran lòt seri a, lè mwen konnen plis sou vaksen an?

Nou se premye nan liy la e nou sèlmen bezwen premye nan liy la yon grenn fwa! Nou espere yon "dezyèm seri" pap rive anvan plizyè mwa, apre tout lòt faz yo fin reyalize. Li posib pou kèk moun nan fanmi w oswa zanmi w benefisyè avantaj vaksen an anvan ou.

Se pou konnen si fanmi w, zanmi w, kòlèg ou ak rezidan pwoteje grasa vaksinasyon an sa pa vle di yo paka bawou KOVID-19, paske yo toujou ka transmèt viris la san sentòm.

Mwen planifye pou m pran vaksen an. Eske gen yon bagay mwen ka fè pou ede?

Nou toujou ap chache asosye pou ede gaye pawòl la sou enpòtans vaksen an. Ou lib pou fè sansibilizasyon sou vaksen an ak kòlèg ou yo. Mesaj la senp: Vaksen an demontre li bay anpil pwoteksyon kont maladi grav KOVID-19 lakòz. Sa enpòtan anpil pou sant kote senyò ap viv, kote granmoun yo gen pi gwo risk pou yo tonbe maladi grav, pou yo ospitalize oswa pou yo mouri akòz KOVID-19

Eske ap gen plis pase yon jou klinik pou kominote nou an?

Chak kominote ki bay swen spesyalize ak asistans ap resevwa dat klinik yo nan men CVS. Premye dat la se pou dòz en, epi dezyèm dat la pou dòz de, ozanviwon 21 jou apre. Tanpri pa bliye tout moun oblije pran de vaksen nan menm klinik lan.

Mwen te deja fè KOVID-19. Eske mwen toujou bezwen vaksen an?

Wi. Pran viris ki lakòz KOVID-19 la ka ofri sèten pwoteksyon natirèl, yo rele iminite. Men espè pa konnen konbyen tan pwoteksyon an dire. Yo ka konseye moun pran yon vaksen KOVID-19 menm lè yo te deja pran viris la. Se paske yon moun ka vin enfekte ak viris la plis pase yon fwa.

Mwen se yon asosye Viv Endepandan, eske mwen kalifye pou m pran vaksen an?

Tanpri pale ak sipèvizè ou dirèk pou w jwenn plis enfòmasyon.

E si mwen gen efè segondè epi mwen pa ka vini travay pandan kèk jou apre piki a? W

ap kapab itilize tan w akimilile pou sante ak byennèt ou.